



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA AP OGMANTE RANFÒSMAN KONT KONDWI PANDAN ANBA ENFLYANS AK KONDWI NEGLIJAN PANDAN WIKENN SUPER BOWL

Kanpay STOP-DWI Pral Enkli Ranfòsman Kont Minè k'ap Bwè, Ogmante Patwouy Ak Zòn Kontwòl Sobriyete

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Lapolis Eta New York ansanm ak ajans lapolis lokal yo nan eta a pral konbat moun k'ap kondwi sou enflyans ak otomobilis neglijan pandan wikenn Super Bowl la. Kanpay STOP-DWI ap gen ladan ranfòsman sou minè kap bwè alkòl, ansanm avèk ogmante patwouy ak baraj woutye pwen kontwòl pou prevni, idantifye, epi arete chofè ki sou enflyans yo. Se Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee) ki te finanse inisyativ ranfòsman sa a.

“Super Bowl se youn nan evènman ki pi popilè nan ane a, epi nou ankouraje moun New York jwi li ak pridans”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Si ou pral bwè, pa monte deyè volan. New York gen zewo tolerans pou chofè ki sou enflyans, epi Polis Eta a pral deyò an fòs pou wikenn sa a pou asire tout moun kondwi ansekirite pou retounen lakay yo.”

Pandanke efò STOP-DWI nan New York te mennen anpil rediksyon nan kantite ka lanmò ki gen rapò avèk kondwit ak alkòl, gen twòp moun ki toujou ap pèdi lavi yo akòz aksidan ki koze pa chofè ki sou enflyans alkòl yo. Pandan kanpay Super Bowl 2017 la, Polis Eta a te arete 110 moun pou kondwit sou enflyans alkòl e yo te emèt plis pase 4,098 kontravansyon antou. Kanpay la ap fè pwomosyon sou divès pano afichaj sou otowout atravè eta a, ki enkli Thruway Eta New York la epi k ap fonksyone soti samdi 3 Fevriye jiska lendi 5 Fevriye a 4 è a.m.

Sipè-entandan Lapolis Eta New York lan, George P. Beach II, te deklare, “Pran desizyon gayan nan wikenn Super Bowl e pa ale deyè volan si ou te bwè alkòl. Kondwi pandan ou sou enflyans ka lakoz nan konsekans trajik pou oumenm, pasaje w yo ansanm avèk lòt moun sou wout la. Polis Eta a pral vizib pandan wikenn lan alarechèch otomobilis ki sou enflyans ak distrè. Moun yo kap selebre gwo match la wikenn sa a ta dwe fè plan sekirite alavans oswa kondwi san bwè alkòl. Ansanm, nou ka pwoteje lavi epi anpeche blesi grav”.

Terri Egan, Komisè Egzekitif Adjwen DMV a ak Prezidan pa Enterim Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a, te deklare. “Evènman Super Bowl Sunday se yon

tradisyon ameriken ki eksitan ak amizan, epi nou vle tout moun jwi bèl foutbòl ameriken ak fanmi ak zanmi. Malerezman, bon moman sa yo souvan gate akòz trajedi ensanse, chofè ki sou enfliyan lakoz. Si ou pral bwè alkòl, pa monte dèyè volan. Fè plan pou gen yon chofè deziye oubyen itilize sèvis yon taksi oubyen yon sistèm transpò pataje. Ou pa gen pyès eskiz pou kondwi pandan ou sou enfliyan alkòl oubyen lòt dwòg”.

Daprè Administrasyon Nasyonal pou Sekirite sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration), an 2016, 10,497 moun te mouri nan aksidan sikilasyon nan aksidan sou enfliyan alkòl. Chofè yo ta dwe sonje ke yap mete non sèlman lavi yo andanje men tou lavi lòt moun lè yo chwazi bwè alkòl lè yap kondwi. Administrasyon Nasyonal pou Sekirite sou Otowout rapòte 28 moun mouri chak jou akòz aksidan machin ki lye ak alkòl. Sa reprezante yon moun pou chak 50 minit.

Si ou ap òganize yon fèt, sou se kapitèn ekip la. Nonmen yon chofè serye kounye a pou ede envite ou yo rive lakay yo ansekirite.

- Mande tout envite w yo pou chwazi alavans chofè yo ki pa p bwè alkòl oswa ede yo fè aranjman avèk chofè ki pa bwè alkòl. Si ou pa bwè, ofri pou depoze envite yo lakay yo;
- Sèvi anpil manje ak bwason ki pa gen alkòl nan fèt la;
- Sispann sèvi alkòl nan fen twazyèm peryòd la—se yon bon moman pou sèvi kafe ak desè; ak
- Enskri sou entènèt pou yon sèvis pataj transpò oubyen kenbe nimewo telefòn konpayi taksi yo sou lamèn epi retire kle nan men nenpòt envite ki panse kondwi apre yo fin bwè alkòl.

Sonje, si ou sèvi yon envite alkòl e li fè yon aksidan lanwit lan, yo ka kenbe w responsab.

Si yon minè ap bwè epi kondwi, paran oswa gadyen an ka legalman responsab pou nenpòt domaj, blesi oswa lanmò ke chofè minè ki bwè alkòl la te koze.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la te kolabore sou aplikasyon telefòn selilè [“Have a Plan” an](#), ki disponib pou Apple, Droid ak smartphone Windows yo. Aplikasyon an pèmèt Nouyòkè yo lokalize epi rele yon sèvis taksi ak pwograme yon lis chofè ki pap bwè yo chwazi. Li founi tou enfòmasyon sou lwa ak sanksyon DWI yo, ak yon fason pou moun fè rapò sou chofè yo sispèk k ap kondwi pandan yo sou enfliyan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)